



Envestigasyon Sèvis Pwoteksyon pou Adilt (APS)

Fèy Enfòmasyon

Adult Protective Services (APS) Investigations Fact Sheet

Sèvis Pwoteksyon pou Adilt (APS) ap envestige yon rapò ki di ou te kapab abize, abandone, eksplwate finansyèman oswa neglige yon adilt vilnerab. Dokiman sa a enfòme w sou pwoesis envestigasyon an, dwa ou genyen, ak lòt enfòmasyon enpòtan. Nan kad envestigasyon an, APS pral revize dosye yo ak entèvyou moun yo osijè akizisyon an(yo).

Rezulta envestigasyon an kapab genyen konsekans grav pou ou.

Tanpri li enfòmasyon sa avèk anpil atansyon.

Envestigatè ki asiyen nan dosye w la se:

Yo ka kontakte ou nan:

Ki dwa mwen genyen?

- Ou gen dwa a yon tyès pati (tankou yon zanmi, avoka, reprezantan sendika, manm fanmi, oswa gadyen) avèk ou pandan entèvyou a.
- Si Angle pa lang natif natal ou, ou gen dwa a yon entèprèt gratis (APS pa otorize pou itilize manm fanmi kòm entèpretè).
- Ou gen dwa pou pa patisipe nan entèvyou a, pou sispann, oswa repwogramme I.
- Ou gen dwa pou bay APS dokiman oswa temwen yo ki gen rapò avèk akizasyon yo.

Kijan APS ap enfòme w sou rezulta envestigasyon an?

- APS pran yon desizyon baze sou evidans APS ransanble pandan envestigasyon an. Kalite desizyon APS ap pran yo se:
 - **Jistifye:** Gen plis chans posib ke swadizan ensidan an te rive
 - **Enjistifye:** Gen plis chans ke swadizan ensidan pa t rive
 - **San rezulta:** Pa ka detèmine si wi oswa non swadizan ensidan an te rive.
- Si APS konstate li pi pwobab ke ensidan an te rive, APS ap enfòme w lè li voye yon lèt pa kourye regilye ak sètifye.
- Si APS konstate ke li pi pwobab ke enpwobab ke ensidan an pa t rive, APS ap enfòme w vèbalman. APS ka ba ou yon lèt si ou mande.
- Si APS pa ka detèmine si wi oswa non ensidan an te rive, APS ap enfòme w vèbalman. APS ka ba ou yon lèt si ou mande.
- Si APS pa gen adrès aktyèl ou, yo pral voye lèt la nan move adrès la, e ou ka manke delè limit enpòtan.

Kisa sa vle di yon konstatasyon jistifye?

Si APS deside akizasyon abi, neglijans, abandonman, oswa eksplwatasyon finansye yo "jistifye," ou ka mande yon odyans si ou pa dakò avèk rezulta a. Si desizyon APS la konfime nan fen pwoesisis odyans lan, yo pral mete non w nan yon rejis.

Lè ou sou rejis la sa vle di ou ka pa anmezi pou travay oswa fè volontarya nenpòt kote ou ta kapab genyen kontak ki pa sipèvize avèk adilt oswa timoun vilnerab yo. Aktyèlman pa gen okenn mwayen pou retire non w sou rejis la.

Èske mwen ka konteste desizyon APS la?

- Si APS deside ke swadizan ensidan an **enjistifye** oswa **san rezulta** ou pa bezwen fè anyen.
- Si APS deside ke swadizan ensidan an **jistifye** epi si ou pa dakò ou ka mande yon odyans. Lèt APS la pral di w kijan.

Pou mande yon odyans, ou sèlman genyen jiska 5:00 p.m. nan 30 yèm jou kalandriye apre dat lèt avi ke depatman an te voye pa lapòs oswa sèvi w pèsonèlman, kèlkeswa sa ki rive anvan.

Pou plis enfòmasyon

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou APS anliy nan

<https://www.dshs.wa.gov/altsa/adult-protective-services-aps>.